

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun.

- a. Anggota paguyuban Mojang Jajaka Kabupaten Bandung (MJKB) némbongkeun sikep négatif atawa can satia kana basa Sunda. Ieu hal katitén dina panalungtikan pola makéna basa MJKB sapopoé anu nuduhkeun yén ngagunakeun basa Sunda téh masih héngkér. MJKB lolobana ngagunakeun basa Indonesia dina kagiatan nyarita sapopoé. Dumasar kana mitra catur, kagiatan nyarita didominasi ku basa Indonesia (49,4%) kaasup nyarita jeung babaturan di sakola, babaturan di luar sakola, pagawé Pemda jeung wisatawan. Nyarita ngagunakeun basa Sunda (48,2%) saeutik leuwih héngkér tibatan nyarita basa Indonesia. Lolobana nyarita ku basa Sunda dilakukeun jeung indung, bapa, adi/lanceuk, aki/nini, jeung babaturan nu papada urang Sunda. Dumasar kana kagiatannana, MJKB lolobana ngagunakeun basa Indonesia (70,5%) kaasup nalika nongton *TV*, nagregepkeun musik/radio, maca koran/majalah, maca novél, *update status* di jejaring sosial, *SMS*-an, ngitung, jeung ngimpi. Sedengkeun nalika ngambek jeung ngadu'a lolobana ngagunakeun basa Sunda. Ieu hal hartina basa Sunda loba digunakeun nalika kaayaan atawa kagiatan *internal* hungkul. Dumasar kana tempat nyarita, MJKB lolobana ngagunakeun basa Indonesia (63,3%) kaasup tempat gawé, pasar, bank, kantor Pos, jeung réstoran. MJKB lolobana ngagunakeun basa Sunda di imah, sekretariat Pamoja, jeung kendaraan umum. MJKB miboga sikep kasatiaan anu hadé, MJKB miboga persépsi yén bisa ngagunakeun basa Sunda téh penting, ngagunakeun basa Sunda di kulawarga téh penting, jeung penting ngajarkeun basa Sunda ka budak ti leuleutik. Sanajan miboga persepsi anu hadé kana basa Sunda, tapi prak-prakanana basa Sunda digunakeun kalayan teu optimal. Ku kituna, kasatiaan MJKB kana basa Sunda kawilang négatif.

- b. Kareueus MJKB kana basa Sunda nya éta positif (53,3%). MJKB geus nyieun basa Sunda jadi lambang idéntitas. MJKB ngarasa penting ngagunakeun basa Sunda di luar daérah Jawa Barat, penting ngamimitian gunem catur ngagunakeun basa Sunda, jeung perlu ngawanohkeun kekecapan/istilah kasundaan ka lain urang Sunda pikeun ngaronjatkeun *eksistensi* basa Sunda. MJKB ogé teu panuju nalika aya nu ngahina basa Sunda, kitu deui ka nu miboga persepsi yén basa Sunda téh kuno. Sikep saperti kitu geus némbongkeun sikep kareueus kana basa Sunda anu positif.
- c. Kasadaran MJKB kana ayana norma basa Sunda kawilang positif tapi teu optimal (43,4%). Disebut positif ku sabab MJKB sadar yén penting bisa ngagunakeun TBS jeung penting ayana TBS pikeun kasopanan nalika nyarita. Disebut teu optimal ku sabab MJKB sorangan can bisa ngalarapkeun Tatakrama Basa Sunda kalayan hadé. Sakabéh soal ngeunaan kalimah anu maluruh TBS, lolobana dijawab salah ku MJKB. Kasadaran kana ayana norma basa Sunda geus aya, tapi pangaweruh ngeunaan Tatakrama Basa Sunda can dipikaweruh, anu antukna TBS jarang digunakeun. Ieu hal bisa ngalantarankeun MJKB jadi sieun salah dina ngagunakeun basa Sunda, anu antukna basa Sunda tara digunakeun nalika nyarita. Ku kituna, kasadaran MJKB kana basa Sunda téh positif tapi teu optimal.
- d. Faktor-faktor anu mangaruhan sikep MJKB kana basa Sunda nya éta: (1) lingkungan sosial anu meredih MJKB kudu ngagunakeun basa Indonesia, ngabalukarkeun sikep MJKB négatif kana basa Sunda; (2) kulawarga tulén Sunda anu ngabalukarkeun MJKB ngagunakeun basa Sunda; jeung (3) kaweruh kana Tatakrama Basa Sunda (TBS) anu masih héngkér. MJKB sadar kana ayana TBS, tapi kaweruh anu héngkér ngeunaan TBS ngabalukarkeun MJKB teu ngalarapkeun TBS nepi ka teu ngagunakeun basa Sunda.

## 5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sawatara saran anu hayang ditepikeun ku panalungtik pikeun kamekaran basa Sunda sangkan leuwih nanjeur ogé ngaronjatkeun sikep positif Mojang Jajaka Kabupaten Bandung.

- a. Pamaréntah Kabupaten Bandung ngayakeun seminar, *workshop*, atawa *pelatihan* pikeun ngagunakeun basa Sunda anu hadé kaasup Tatakrama Basa Sunda. Ieu hal dipiharep bisa ngarojatkeun kamampuh MJKB dina ngagunakeun basa Sunda, ogé ngaronjatkeun kapercayaan MJKB dina ngagunakeun basa Sunda. Dutana waé geus ngagunakeun basa Sunda kalayan hadé, masarakat hususna nonomanna pasti bisa nyontoan MJKB dina ngagunakeun basa Sunda.
- b. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran kana panalungtikan anu leuwih jembar nya éta Mojang Jajaka Jawa Barat, Duta Bahasa Jawa Barat, jeung Purna Prakarya Muda Indonesia (Duta Pemuda), sangkan basa Sunda bisa leuwih kukuh di kalangan nonoman Sunda.
- c. Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun réferénsi pikeun panalungtikan anu sawanda.
- d. Dipiharep sekretariat Pamoja bisa nyadiakeun buku-buku bacaan ngeunaan kasundaan, supaya Mojang Jajaka bisa leuwih teleb pangaweruhna ngeunaan kasundaan.
- e. Leuwih hadé lamun diayakeun Uji Kamampuh Basa Sunda minangka standar pikeun mikanyaho kamampuh basa Sunda hiji jalma. Jadi teu ngan saukur basa Indonesia (UKBI) atawa basa Inggris (TOEFL) anu boga standar téh, tapi basa Sunda ogé anu bisa méré sumanget pikeun ngahontal skor anu hadé minangka meunangkeun prédikat “bisa” basa Sunda atawa “mahér” ngagunakeun basa Sunda. Lamun hususna keur siswa, ieu hal bisa ngaronjatkeun kahayang siswa pikeun diajar basa Sunda dina ngahontal skor Uji Kamampuh Basa Sunda.